

Nimewo 4.7

D E K R È E G Z E K I T I F

Kontinye Deklarasyon Ijans pou Katastwòf nan tout Eta a akòz mank nan pèsònèl pou swen sante nan Eta New York

KONSIDERE KE, gen mank pèsònèl nan lopital ak nan lòt etablisman swen sante epi yo prevwa sa ap kontinye;

KONSIDERE KE, gwo mank pèsònèl nan lopital yo ak lòt sant swen sante yo ta dwe afekte kapasite pou kontinye bay swen enpòtan ak pou byen sèvi popilasyon vilnerab yo;

KONSIDERE KE, gen yon nesosite imedyà ak enpòtan pou konplete kantite pèsònèl la pou asire sant swen sante yo kapab bay swen;

KIDONK KOUNYE A, Mwen menm, Kathy Hochul, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la te konfyè mwen, avèk dokiman sa a, pwolonje eta dijans akòz katastwòf jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 4.6 an, epi kontinye kenbe anvigè tèl, kondisyon, ak sispansyon yo ki nan Dekrè Egzekitif Nimewo 4, 4.1, 4.2, 4.3, 4.4, ak 4.6 yo jiska 30 avril 2022, eksepte:

- Sispansyon ki nan Dekrè Egzekitif 4.4 Sibdivizyon 3 Seksyon 2895-b nan Lwa Sante Piblik la ak Sibdivizyon 1 Seksyon 2828 nan Lwa Sante Piblik la pa pral anvigè ankò.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany,
nan tranteyinyèm jou mwa mas nan ane de
mil vennde.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a